# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आजु वृंदावन में रामकृष्ण मिशन सेवाश्रम अस्पताल के नंद किशोर सोमानी ऑन्कोलॉजी ब्लॉक क लोकारपण कइलिनि। येह मौका पर उहां के कहलीं कि मजबूत आ आत्मनिरभर भारत क सपना तब्बे साकार हो सके ला जब ओकर नागरिक स्वस्थ होखें। राष्ट्रपति कहलिनि कि सरकार स्वास्थ्य सेवा क बुनियादी ढांचा के मजबूत कइले आ हर नागरिक ले गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा सेवा पहुंचावे बदे लगतारे कोसिस कइ रहलि हौ।

***केंद्र सरकार देश के स्वास्थ्य ढांचे को मजबूत बनाने के लिए निरंतर ठोस कदम उठा रहे हैं। आयुष्मान भारत जैसे ऐतिहासिक योजना के माध्यम से करोड़ों नागरिकों को सस्ती और गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवाएं उपलब्ध कराई जा रही है। आयुष्मान भारत योजना के अंतर्गत कैंसर के इलाज को भी कवर किया जा रहा है, जिससे गरीब और जरूरतमंद मरीजों को लाभ मिल रहा है।***

राष्ट्रपति कहलिनि कि कैंसर एगो बड़हन स्वास्थ्य चुनौती बनि के उभरल बा। उहां के कहलीं कि समय पर इलाज आ उन्नत उपचार ले पहुंच मरीजन क जांन बचवले में खास भूमिका निभा सके ला।

राष्ट्रपति कहलिनि कि रामकृष्ण मिशन सेवाश्रम अस्पताल गरीबन क इलाज कइ रहल हौ।

**ये संतोष का विषय है रामकृष्ण मिशन सेवा आश्रम चौरिटेबल अस्पताल धन के आभाव के कारण किसी भी रोगी को उपचार से वंचित नहीं किया जाए, ये प्राणोद्य सिद्धांत पर कार्य कर रहा है। यह विचार सच्चे अर्थ में करूणामय चिकित्सा सेवा की भावना को व्यक्त करता है।**

एहसे पहिले आजु भिन्नहीं राष्ट्रपति प्रेमानंदजी महाराज आश्रम क दौरा कइलिनि। उहां के वृन्दावन में नीम करोरी बाबा के समाधियो पर फूल चढ़वलीं।

**********

चइत नवरातर के दुसरका दिन्ने आजु मां दुर्गा क दुसरका स्वरूप माता ब्रह्मचारिणी क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। मिर्जापुर क प्रसिद्ध शक्तिपीठ विन्ध्याचल धाम, बलरामपुर के तुलसीपुर में प्रसिद्ध शक्तिपीठ देवीपाटन मंदिर आ जौनपुर क शीतला चौकिया धाम में दरसन–पूजन बदे आजु भोरवें से भक्तन क भारी भीड़ि लागल बा। विन्ध्याचल धाम पहुंचे वाले सरधालु त्रिकोंण पैकरमा राहि पर महाकाली मंदिरो में दरसन–पूजन कइ रहल हवें। वाराणसी में बालाजी घाट पर स्थित मां ब्रह्मचारिणी क मंदिर में आजु भिन्नहियें से भक्तन क कतार लागल बा। मानल जाला कि नवरातर क द्वितीया तिथि पर एइजा दरसन–पूजन कइले से हर मनोकामना पूरा होला। महराजगंज क लेहड़ा देवी मंदिर, गोरखपुर क तलकुलहा देवी मंदिर आ बुढ़िया माई मंदिरो में ढेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन कइ रहल हवें।

**********

ईद–उल–फितर क तिउहार बिहने मनावल जाई। एहसे पहिले आजु लखनऊ, अजोध्या आ अमरोहा के सथहीं प्रदेस के सज्जो जिलन में आखिरी जुमा क जमाज अदा कइल गइल। तिउहार के देखत प्रदेस भर में सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

आजु विश्व गौरइया दिवस मनावल जा रहल बा। येह मौका पर पीलीभीत के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। ई दिवस गौरइया क अबादी में तेजी से आ रहल गिरावट के ले के जागरूकता बढ़वले से जुड़ल सलाना कोसिस के दरसावे ला।

**********

आगरा जिला के चित्रहाट थान्हा क्षेत्र के ग्राम पई के लग्गे काल्हि देर राति भइल सड़कि दुरघटना में इटावा क एक्के परिवार के पांच लोगिन क मउति हो गइल ओहीं चारि जने अउरियो घाही हो गइलें। आगरा क डीसीपी पूर्वी जोन अभिषेक अग्रवाल बतवलें कि काल्हि देर राति ई दुरघटना ओह समय भइल जब राजस्थान क केला देवी से दरसन कइ के लवटि रहल सरधालुअन क बोलेरो गाड़ी बेकाबू हो के एगो पेड़े से लड़ि गइल।

**********

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलें कि सरकार देस के कई इलाकन में बेमौसम बरखा आ ओलावृस्टि से फसलिनि क भइल नोकसान क आकलन करे बदे त्वरित उपाई कइ रहलि हौ। नई दिल्ली में श्री चौहान बतवलें कि अधिकारियन से नोकसान क जुरते आकलन करे बदे राज्य सरकारन के साथे तालमेल बनावे के कहल गइल बा।

**********

प्रदेस के कई पच्छिमी जिलन में अजुओ बरखा आ बूंदाबांदी क सिलसिला जारी रहल। पूरबी जिलनों में आजु भिन्नहियें से मौसम क मिजाज बदलल बा। गोरखपुर के सथहीं एकरे लग्गे के कुछु अउरियो जिलन में भिन्नहियें से हल्लुकाहे बादर छवले बा आ रूकि–रूकि के बुन्नी परले क सिलसिला जारी हौ। मौसम विभाग के मोताबिक पच्छिमी उत्तर प्रदेस में आजु करीब सज्जो जगहिनि पर आहीं पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जगहिनि पर बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना बनल बा।

**********